



Pou Piblikasyon Imedya: 27/02/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GEN PRÈ KI GEN ENTERÈ BA KI DISPONIB POU REZIDAN AK TI BIZNIS KI TE VIKTIM TANPÈT HALLOWEEN NAN

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Administrasyon Ti Biznis (Small Business Administration, SBA) nan Etazini te aksepte demann Eta a pou yon Deklarasyon Katastwòf Fizik pou twa konte tanpèt Halloween nan te afekte ki te lakòz plis pase 10 milyon dola nan domaj nan kominote lokal yo epi te afekte apeprè 400 kay, biznis ak òganizasyon san bi likratif yo. Konte Essex, Herkimer ak Oneida fè pati deklarasyon an ak konte vwazen yo Clinton, Franklin, Fulton, Hamilton, Lewis, Madison, Montgomery, Oswego, Otsego, St. Lawrence, Warren ak Washington kalifye tou pou pwogram nan. Avèk deklarasyon yo aksepte a, moun, fanmi, biznis ak òganizasyon san bi likratif yo ki te afekte nan konte ki kalifye yo ka aplike kounye a pou prè ki gen enterè ba nan men Administrasyon Ti Biznis lan pou ede yo retabli yo.

"Mwen kontan dèske patnè federal nou yo ki nan SBA a te fè prè ki gen enterè ba sa yo vin yon opsyon pou Nouyòkè yo ki te viktim tanpèt Halloween devastatè a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nan menm moman an, se vreman desevan dèske FEMA te refize demann nou an pou finansman dijans pou twa san mèt kay yo ki te viktim inondasyon an. Lè katastwòf natirèl yo frape, gouvènman federal la ak FEMA an patikilye bezwen entèveni epi ede. N ap kontinye pouswiv tout opsyon posib pou bay èd anplis epi ede moun sa yo restore ak rekonstwi lavi yo. Lè vwazen nou yo blese, nou tout soufri epi n ap kontinye kanpe ak konpatriyòt Nouyòkè nou yo nan moman yo gen bezwen."

Prè Administrasyon Ti Biznis lan yo ap ofri èd pou mèt kay, lokatè, biznis ak lòt moun ki bezwen sipò finansye apre katastwòf dijans oswa lòt katastwòf ki gen rapò ak move tan yo. Apre sitiasyon move tan ak inondasyon an, pèsonèl SBA a ak Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Dijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta New York la te reyalize yon evalyasyon konplè dega ki lye ak ensidan sa a. Evalyasyon sa a te konfime ke te gen gwo dega nan 145 kay ak 29 biznis ki rive bay total 5,632,000 dola ak 1,545,000 dola respektivman ansanm ak ti dega nan 193 kay ak 17 biznis/òganizasyon ki san bi likratif ki rive bay total 2,588,000 dola ak 380,000 dola respktivman.

Gwoup ki annapre yo ka kalifye pou èd nan prè SBA yo:

- Mèt kay yo: jiska 200,000 dola pou repare oswa ranplase pwopriyete yo ki andomaje oswa kraze.
- Mèt kay ak lokatè yo: jiska 40,000 dola pou repare oswa ranplase byen pèsonèl yo ki andomaje oswa kraze.

- Pwopriyete biznis yo: jiska 2 milyon dola pou ranplase pwopriyete, envantè, machin, ekipman ak lòt pèt fizik.
- Biznis ak òganizasyon san bi likratif yo: Prè pou Katastwòf Dega Ekonomik jiska 2 milyon dola pou bay fon woulman ki nesesè jiskaske operasyon nòmal yo rekòmanse apre yon katastwòf.

Komisè Depatman Sekirite Enteryè ak Sèvis Dijans Eta New York la, Patrick A. Murphy te deklare, "Tanpèt Halloween 2019 la te gen yon enpak devastatè sou kominote yo nan rejyon Nò Eta New York epi kontinye gen yon enpak dirab. Gras ak lidèchip Gouvènè a, ansanm ak travay pèsonèl nou an ak patnè lokal nou yo, finansman sa a pral ede Nouyòkè ki viktim yo tounen rekonstwi lavi yo epi avanse".

To enterè yo ka tèlman ba rive 1.5 pousan pou mèt kay ak lokatè yo, 2.75 pousan pou òganizasyon san bi likratif yo ak 3.875 pousan pou biznis yo, sou yon dire 30 ane. Se SBA ki defini montan ak kondisyon prè yo ki baze sou sitiyasyon finansye chak aplikan.

Moun endividyèl ak biznis yo ka aplike sou entènèt atravè Aplikasyon pou Prè Elektwonik sou sitwèb sekirize SBA a nan <https://disasterloan.sba.gov/ela>.

Moun endividyèl ak biznis yo ka jwenn enfòmasyon ak aplikasyon pou prè yo tou lè yo rele nan Sant Sèvis Kliyantèl SBA a nan 1-800-659-2955 oswa 1-800-877-8339 pou moun soud ak sila ki tande di yo, ouben yo ka voye imèl nan adrès disastercustomerservice@sba.gov. Ou ka telechaje aplikasyon pou prè yo tou nan www.sba.gov/disaster. Yo dwe remèt aplikasyon ranpli yo bay Sant lan oswa voye yo pa lapòs nan: U.S. Small Business Administration, Processing and Disbursement Center, 14925 Kingsport Road, Fort Worth, TX 76155. Delè pou ranpli epi remèt aplikasyon pou domaj fizik nan pwopriyete yo se 27 avril 2020. Delè pou remèt aplikasyon pou domaj ekonomik yo se 25 novanm 2020.

Reprezantan sèvis kliyantèl SBA yo pral disponib nan Sant Asistans nan Prè pou Katastwòf la (Disaster Loan Outreach Center) pou reponn kesyon sou pwogram prè pou katastwòf la epi ede moun yo ranpli demann yo.

Sant yo nan adrès ki pi ba yo epi yo pral ouvri jan yo endike la a:

Konte Oneida

Kazèn Ponpye Whitesboro a
171 Oriskany Blvd. 2nd Floor
Whitesboro, NY 13492

Dat ouvèti

Vandredi 28 fevriye soti 11 a.m. rive 5 p.m

Orè

Lendi rive jedi soti 9 a.m. rive 6 p.m.

Vandredi soti 9 a.m. rive 5 p.m.

Samdi 29 fevriye soti 10 a.m. rive 2 p.m

Samdi 7 mas soti 10 a.m. rive 2 p.m

Fèmen
Dimanch yo

Dat fèmti
Jedi 12 mas soti 9 a.m. rive 4 p.m

Konte Herkimer
Kazèn Ponpye Newport la
7350 Main Street
Newport, NY 13416

Dat ouvèti
Vandredi 28 fevriye soti 11 a.m. rive 6 p.m
Orè:
Lendi rive vandredi soti 9 a.m. rive 6 p.m.
Samdi 29 fevriye soti 10 a.m. rive 2 p.m
Samdi 7 mas soti 10 a.m. rive 2 p.m

Fèmen
Dimanch yo

Dat fèmti
Jedi 12 mas soti 9 a.m. rive 4 p.m

Konte Essex
Bibliyotèk Vil Schroon
15 Leland Ave.
Schroon Lake, NY 12870

Dat yo
Vandredi 28 fevriye soti 11 a.m. rive 5 p.m
Samdi 29 fevriye soti 10 a.m. rive 2 p.m
Lendi 2 mas soti 9 a.m. rive 5 p.m
Madi 3 mas soti 9 a.m. rive 5 p.m
Mèkredi 4 mas soti 9 a.m. rive 5 p.m

Konte Hamilton
Bibliyotèk Lake Pleasant
2862 State Route 8
Speculator, NY, 12164

Dat ouvèti
Vandredi 28 fevriye soti 11 a.m. rive 6 p.m

Orè
Lendi rive vandredi soti 9 a.m. rive 6 p.m.
Samdi 29 fevriye soti 10 a.m. rive 2 p.m
Samdi 7 mas soti 10 a.m. rive 2 p.m

Fèmen
Dimanch yo

Dat fèmti
Jedi 12 mas soti 9 a.m. rive 4 p.m

Sèvis Meteyo Nasyonal la (National Weather Service) ak done Rezo Mezi Mezo-echèl (Mesonet) Eta New York la montre ke rejyon nò Eta New York te resevwa ant de ak senk pous lapli jeneralize avèk kantite izole jiska sèt pous pandan tanpèt la. Menm si li te kòmanse 31 oktòb epi te dire jiska 1ye novanm, pifò lapli an te tonbe pandan yon peryòd sis èdtan. Tanpèt sa a te pwodui gwo lapli, inondasyon sibit ak van vyolan. An reyalite, inondasyon an te rive nan nivo rekò nan Rivyè West Canada nan Baraj Hinckley la ak Pon Kast la, Rivyè Sacandaga nan Hope ak Rivyè Mohawk nan Little Falls. Gen rezidan nan Mohawk Valley ki te bezwen pou yo evakye yo tou, pami yo rezidan nan Vilaj Frankfort nan Konte Herkimer toupre Rivyè Moyer epi nan Chadwicks nan Konte Oneida toupre Rivyè Sauquoit. Te gen karant manm eta ak lokal nan Fòs Entèkansyon 2, ekip sovtaaj nan gwo dlo Eta a, ki te sove 65 moun ak 14 zannimo pandan tanpèt la.

Pandan dire tanpèt la, te gen plis pase 100 wout nan eta a ki te domaje, fèmen oswa enpratikab pandan ensidan an te pi mal poutèt dlo inondasyon ki te kouvri plizyè wout, pon ak kanivo. Domaj plizyè faktè ki gen pou wè avèk meteyo te lakòz soti nan ewozyon akotman wout ak dega nan pon, rive nan destriksyon konplè kanivo ak wout. Ekip sèvis piblik yo te gen pou remete kouran tou pou plis pase 650,000 kliyan kouran elektrik ki te viktim gwo lapli an, gwo van yo ak rafal yo ki te frape Eta New York depi nan 31 oktòb rive nan 2 novanm. Pandan sa te pi mal, te gen 246,621 kliyan nan blakawout.

Nan dat 1ye novanm, Gouvènè a [te deklare yon eta ijans](#) pou konte Cayuga, Chautauqua, Cortland, Dutchess, Erie, Essex, Hamilton, Herkimer, Jefferson, Montgomery, Oneida, Saratoga ak Warren. Anvan sa, pandan ak apre tanpèt la, Gouvènè Cuomo te mande tou deplwaman yon gran evantay ekipman entèkansyon eta soti nan plizyè ajans eta, plizyè santèn manm pèsonèl eta, manm Gad Nasyonal (National Guard) ak plizyè lòt resous pou ede lokalite yo avèk operasyon entèkansyon ak netwayaj. Gouvènè a [te etabli nèf Sant Sèvis Asistans nan Ka Katastwòf \(Disaster Assistance Services Centers\)](#) tou nan Mohawk Valley ak North Country touswit apre tanpèt la pou bay rezidan yo sèvis rekonstriksyon ke òganizasyon eta, konte ak ki san bi likratif yo te ofri.

Enfòmasyon sou DHSES

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo](#) bay direksyon, kowòdinasyon ak soutyen pou efò pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reyaji a, epi retabli apre atak teworis, katwastwòf natirèl ak sa moun lakòz yo ak lòt ijans. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [paj Facebook DHSES](#), swiv [@NYSDHSES sou Twitter](#), ak [Instagram](#), oswa ale sou [dhses.ny.gov](#)

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)